

Burial Claims Unit
25 Chapel Street - 6th Floor
Brooklyn, NY 11201-1954
(718) 473-8310

Dat la: _____

Moun ki Mouri a: _____

D/O/D: _____

Nimewo Reklamasyon Antèman: _____

Aplikasyon pou Alokasyon pou Antèman (Haitian Creole)

NÒT: Ou dwe ranpli epi soumèt aplikasyon an anvan 60 jou ki vini apre lanmò moun nan w ap chèche jwenn yon sibvansyon alokasyon pou antèman an.

| |
|---|
| 1. Enfòmasyon sou Moun ki Mouri a |
| Non moun ki mouri a: _____ |
| Dènye adrès moun ki mouri a: _____ |
| Dat Li Fèt: _____ Dat Li Mouri: _____ Kote Li Mouri a: _____ |
| Kòz Lanmò a: _____ |
| Èske gen nenpòt aksyon legal akòz lanmò a? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi Si ou reponn wi, tanpri bay detay yo: _____ |

| |
|---|
| 2. Depans pou Sèvis Antèman: \$ _____ |
| Depans pou Antere Moun nan: <input type="checkbox"/> Ouvèti Kav: \$ _____ <input type="checkbox"/> Ensinerasyon: \$ _____ |
| Peye avèk: _____ Frè total Antèman an: \$ _____ Peman jiska prezan: \$ _____ |
| Non Ponp Finèb la: _____ Adrès: _____ |

| |
|---|
| 3. Sitiyasyon Moun ki Aplike a pou Alokasyon pou Antèman an |
| <input type="checkbox"/> Manm Fanmi <input type="checkbox"/> Zanmi <input type="checkbox"/> Zanmi Òganizasyon |
| Non: _____ Relasyon: _____ |
| Adrès: _____ Telefòn: _____ |

| |
|--|
| 4. Moun ki Vivan yo |
| Èske moun ki mouri a te depandan: Manm Fanmi ki Gen Responsablite Legal (LRR)? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi |
| Si ou reponn wi, bay non (yo), adrès ak Dat Nesans (D.O.B): <input type="checkbox"/> Mari/Madanm <input type="checkbox"/> Paran |
| Dat Nesans: _____ Non: _____ |
| Adrès: _____ |
| Dat Nesans: _____ Non: _____ |
| Adrès: _____ |
| Èske nenpòt LRR resevwa nenpòt avantaj piblik nan Administrasyon Endepandans Fanmi oswa nan Administrasyon Sekirite Sosyal? |
| <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi Si ou reponn Wi, endike kategori a ak nimewo dosye a: <input type="checkbox"/> CA <input type="checkbox"/> MA <input type="checkbox"/> FS <input type="checkbox"/> SSI: _____ |
| Mari/Madanm? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi (Si ou reponn wi, bay non, adrès ak Dat Nesans) Dat Nesans: _____ |
| Non: _____ Adrès: _____ |
| Paran yon timoun ki endike anwo a? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi (Si ou reponn wi, bay non, adrès ak (Dat Nesans) |
| Dat Nesans: _____ |
| Non: _____ Adrès: _____ |

Aplikasyon pou Alokasyon pou Antèman (kontinye)

| | | |
|---|--|---|
| 5. Kondisyon Veteran | | |
| Èske moun ki mouri a se te yon Veteran? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi | | Si ou reponn Wi, èske Veteran an te resevwa nenpòt avantaj Veteran? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi |
| Si ou reponn Wi, konbyen lajan: \$ _____ | | |
| Èske moun ki mouri se te yon mari/madanm oswa pitit minè yon veteran? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi | | |
| 6. Pwopriyete | | |
| Èske moun ki mouri a te fè yon testaman? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi | | Èske moun ki mouri a te kite yon pwopriyete? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi |
| Si ou reponn Wi, bay detay yo: _____ _____ | | |
| 7. Byen | | |
| Èske moun ki mouri a te gen nenpòt nan byen sa yo nan moman li te mouri a? (Si ou reponn Wi, tanpri bay kantite lajan byen an vo) | | |
| Lajan Kach <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi \$ _____ | Kont Labank <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi \$ _____ | Asirans/ Kontra <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi \$ _____ |
| Byen imobilye <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi \$ _____ | Avantaj Sendika <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi \$ _____ | Kredi pou Antèman <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi \$ _____ |
| Pansyon <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi \$ _____ | Otomobil <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi \$ _____ | Lòt <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi \$ _____ |
| 8. Istwa | | |
| Dekri fason moun ki mouri a te konn sipòte tèt li: _____ | | |
| Èske moun ki mouri a t ap travay nan moman li te mouri a? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi (Si ou reponn Wi, tanpri bay detay yo anba la a) _____ | | |
| Non Patwon: _____ | | |
| Adrès: _____ | | |
| Kalite travay: _____ | | |
| Èske moun ki mouri a t ap resevwa nenpòt èd nan Administrasyon Resous Imèn oswa nan Administrasyon Sekirite Sosyal? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi Si ou reponn Wi, endike kategori a ak nimewo dosye a: <input type="checkbox"/> CA <input type="checkbox"/> MA <input type="checkbox"/> FS <input type="checkbox"/> SSI: _____ | | |
| Èske moun ki mouri a t ap resevwa Sekirite Sosyal? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi, kantite lajan pa mwa \$ _____ | | |

Moun ki siyen anba la a otorize Manm Komisyon Administrasyon Resous Imèn/Depatman Sèvis Sosyal oswa reprezantan otorize li pou fè tout rechèch ki nesèsè anrapò avèk aplikasyon sa a epitou li ba li pèmasyon nèt pou verifye nenpòt oswa tout enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a.

Siyati Moun ki Aplike a: _____ Dat la: _____

Eta ak Vil New York Konte

Te Fè yon Deklarasyon sou Sèman devan mwen nan _____ jou _____, 20 _____

Notè Piblik oswa Manm Komisyon Papyè Pwopriyete

(Notarizasyon an obligatwa sèlman si ou se yon reprezantan otorize ki soumèt aplikasyon an.)

Pwosesis Aplikasyon pou Demann Alokasyon pou Antèman

Enfòmasyon Jeneral:

Administrasyon Resous Imèn [Human Resources Administration (HRA)] ap bay èd lajan pou moun ki bezwen èd pou fè depans pou antèman. Lajan sa a disponib lè yon moun endijan Vil New York mouri epi moun sa a te ka ap resevwa Revni Sekirite Sipleman tè [Supplement Security Income (SSI)], Èd Lajan Kach [Cash Assistance (CA)] oswa moun nan ap viv san li pa gen lajan pou fè depans pou antèman li, epi pa gen Manm Fanmi ki Gen Responsablite Legal [Legally-Responsible Relatives (LRR)] ki kapab fè depans antèman an.

Sa ki kapab garanti:

- HRA ap peye jiska \$900 dola pou depans pou antèman, men depans total pou antèman an pa dwe pi plis pase \$1,700 dola. Frè pou ensinerasyon oswa frè pou kav ak frè pou ouvèti kav pa ladan, men frè pou antere sann nan apre ensinerasyon an ka pa fè pati frè total \$1,700 dola a. Si bòdwo total pou antèman an depase kantite lajan \$1,700, HRA p ap fè peman.
- Nenpòt byen (kit li asiye oswa pa asiye pou HRA), ki te disponib pou moun ki mouri a oswa nenpòt kantite lajan yon LRR (pa egzanp, yon madanm/mari oswa yon timoun minè) ka te genyen nan Dat Lanmò a (DOD) yo kwè ki disponib, epi nenpòt kantite lajan oswa reklamasyon yo nenpòt lòt sous peye, ap soustrè nan peman \$900 dola a, si nou detèmine reklamasyon an kalifye pou peman. Nenpòt byen oswa resous moun ki mouri a kite nan dat lanmò a ap soustrè nan \$900 dola a, si nou detèmine reklamasyon an kalifye.

Pou aplike:

Moun ki fè aranjman pou antèman an oswa reprezantan li dwe ranpli yon fòm aplikasyon nan 60 jou ki vini apre DOD a, poukont li, oswa nan biwo nou ki nan adrès 25 Chapel Street (6th Floor) Brooklyn. Moun sa a ta dwe pote nenpòt Dokiman nan premye entèvyou a epi li ka soumèt rès dokiman ki nesèsè yo pa lapòs Etazini.

Dokiman ki nesèsè yo:

1. Yon Fòm Aplikasyon pou Antèman moun ki aplike a ranpli epi siyen.
2. Yon kopi orijinal sètifye Sètifika Lanmò a (n ap retounen li ba moun ki aplike a.)
3. Yon kopi Kontra Antèman an ki rele Deklarasyon Byen ak Sèvis ki Chwazi tou. Kontra a dwe gen siyati Direktè Ponp Finèb la ak moun ki te fè aranjman pou antèman an. Nimewo sekans bòdwo a dwe parèt nan dokiman an.
4. Yon kopi bòdwo simitye oswa ensinerasyon, ki detaye tout frè yo.
5. Bòdwo orijinal detaye antèman an ki gen siyati Direktè Ponp Finèb la epi ki notarye devan yon Notè Piblik. Bòdwo pou antèman an dwe gen so "Paid-in-Full" (Peye nèt) si frè yo peye.
6. Fòm Deklarasyon sou Sèman orijinal Direktè Ponp Finèb la ki ranpli nèt, ki gen siyati Direktè Ponp Finèb la, epi ki notarye devan yon Notè Piblik, si gen lajan yo toujou dwe ponp finèb la.
7. Enfòmasyon ak dokiman konsènan byen/revni disponib moun ki mouri a apati DOD a, ak pa moun ki aplike a (si moun ki aplike a se yon LRR) obligatwa nan chak ka.
8. Ajans lan ka mande nenpòt lòt dokiman ki ka nesèsè pou fè yon detèminasyon sou kalifikasyon an dapre enfòmasyon ak sikonstans patikilye chak ka.